

ARCHIDIOCESE

De
GITEGA
(Burundi)

=====

B.P. 118 GITEGA – D.S. 16 Bujumbura
Tél. 00257/40 21 60 – B.C.B. 49480/01 Bujumbura

V/Réf :

N/Réf : Att/07/020

Annexe :

Objet :

DUKUNDE GUSOMA IJAMBO RY'IMANA, TURIGENDERE

Ijambo ry'Umwungere Mukuru wa diyoseze Nkuru ya Gitega ku musu w'Imana wahariwe
Ijambo ry'Imana, 26/01/ 2020

Bakristu bavukanyi dusangiye ukwemera,

1. Kw'igenekerezo rya 30/09/2019 ni ho Umwungere w'Ekleziya Gatolika Nyenubweranda Papa Fransisko, mw'ikete ryiwe “**Aperuit illis**” (“**arabakangura**” **Luka 24, 45**) yashinga ko umusi w'Imana ugira gatatu mu mwaka woba umusi mukuru w'Ijambo ry'Imana.
2. Uwo musu yawushinze yishimikije Ijambo ry'Imana riri mu gitabu c'umuhanuzi Nehemiya, aho igihugu c'Imana camaze umusi kuva mu mutwenzi gushika ku mutaga cumviriza congera kizirikana Ijambo ry'Imana (**Neh 8,1-3**)
3. Irindi jambo ryatumye Papa ashinga uwo musu ni uko Umukama wacu Yezu Kristu amaze kuzuka yabonekeye abigishwa biwe mbere akabaha n'ubwenge ngo bashobore gutegera Ivyanditswe vyeranda aho we nyene agira ati: “Ivyo ni vyo nahora ndababwira tukiri kumwe, hamwe nababwira ivyari vyanditswe vyose kuri jewe mw'Itegeko rya Musa, mu Bahanuzi no mu Mazaburi, ko bazoranguka” (**Luka 24,44**). Birumvikana ko ivyanditse vyeranda arivyo bihishura ingene Imana yarakoye abantu iciye ku Mwana wayo Yezu Kristu.
4. Uwo musu mukuru w'Ijambo ry'Imana uje kugira ngo natwe udufashe gusubira kuzirikana ayo majambo Umukama wacu Yezu Kristu yashikirije abigishwa biwe kuko Ijambo rya Kristu niryo ritwugurura ubwenge ngo dushobore gutegera iyo tuva n'iyi tuja, gutyo ntituzimagirike, kanatsinda Kristu, Jambo w'Imana , niwe mucu uboneshereza abantu (**Yoh 1,9**)
5. Papa Fransisko aratwibutsa ko mu nyigisho ndoramana yitwa “Ijambo ry'Imana” (Dei Verbum) yashikirijwe n'Inama Nkuru y'Ekleziya

yabereye i Vatikanu ubugira kabiri, Ijambo ry'Imana rifise akamaro gahambaye mu buzima bw'abantu no mu buzima bw'Ekleziya.

-Imana mu kurema ibintu vyose yakoresheje Ijambo ryayo, ico Imana ivuze gica kibaho kuko Ijambo ryayo ari Rurema (**Amam 1**). Iyo Mana yagiye irihishurira abantu ikiyoresheje Ijambo ryayo ryacyiye ku bahanuzi; muri kino gihe naho, Imana yaratwihishuye mu kutuyagira icyiye kuri Jambo ryayo rizima, Yezu Kristu, Umukama wacu (**Heb1, 1-2**). Eka na Yezu turazi ko yakijije abantu benshi akoresheje Ijambo ryiwe (**Mat 9, 2; Mak 2, 11**).

- Ijambo ry'Imana ni umuco kandi ni imfungurwa y'umutima kuko nakare “umuntu ntabeshwaho n'indya gusa, ariko abeshwaho n'ijambo ryose riva mu kanwa k'Umukama (**Teg 8,8,3; Mat 4,4**); Ijambo ry'Imana ritwungira ubumwe rikaduha akanyamuneza kuzuye (**1Yoh 1,4// Yoh 15,11**); Ijambo ry'Imana ritugira abavukanyi ba Yezu Kristu, ni ukuvuga abana b'Imana (**Luka 8,21; Yoh 1,12**); Ijambo ry'Imana rivyara amahoro, urukundo n'ubutungane mu bantu (**Zay 9,5;1; Yoh 4,8.16**)²
 - Ijambo ry'Imana rirafise ikibanza gihambaye mu Nkuka nyeranda ya Misa. Ni co gituma igice cambere cose c'amasabamana cagenewe gusoma, kwumviriza, no kuzirikana Ijambo ry'Imana. Mu misa nyene, Ijambo rya Yezu umusaserdoti asubiramwo, iryo Jambo niryo mbere mu nyuma rihindura umukate n'umuvinyu bikaba Umubiri n'Amaraso vya Kristu.
6. Ijambo ry'Imana ni ryo ridufasha gutsinda shetani n'inyosha mbi zayo kuko na Yezu Kristu Umukama wacu, igihe yageragezwa na Shetani yayirukanishije Ijambo ry'Imana kuko incuro zitatu zose Yezu yishimikiza Ivyanditse vyeranda: ubwambere ati “**Handitse** yuko umuntu adatungwa n'indya gusa, ko abeshwaho kandi n'Ijambo ryose riva mu kanwa k'Imana”, ubwa kabiri asubira ati: “**Handitse** kandi ngo ntuzwe ugeze Umukama Imana yawe”. Mbere aruhira ubwa gatatu, ati: “Gwa hiyo wa shetani we, kuko **handitse** ngo: Uzosenga Umukama Imana yawe, uyikorere yo nsa”
 7. Twebwe abakristu twemera Imana ivuga, Imana iganira ubuzima n'abantu, Imana yumviriza ingorane canke akanyamuneza abantu barimwo, Imana isangira ubuzima n'abantu. Ni co gituma dutumiriwe kuganira n'iyo Mana mu kuzirikana no gusabikaniriza hamwe Ijambo ryayo.
 8. Mu bantu bari muri Ekleziya, urwaruka nirwo rwinshi kandi rufise inguvu n'ingabirano zitandukanye. Ni co gituma rutegerezwa gukunda Ijambo ry'Imana kugira ngo ruterere umuganda mu kwubaka umuryango w'Ekleziya. “Rwaruka ntimugire ubwoba, ntimutinye kwegera Yezu

- Kristu, nimwumvirize Ijambo ryiwe, nimumwugururire imitima yanyu niho muzoronka ubuzima nyabwo kandi niho muzoshikira ubweranda.
9. Turatumiriye abakristu bose gusoma Ijambo ry’Imana dusanga muri Bibliya Nyaranda, kurizirikana no kurigendera mu ngo zabo, mu buzi n’ubutumwa bakora, eka mbere mu buzima bwa misi yose. Ababishoboye mbere na cane cane abamenyeshamana tubatumiriye kwiga ivyirwa vya Bibliya ngo bategere gusumba ico Imana ituyagira gutyo bashobore no kwigisha abandi ivyo nabo bemera kandi bategera.
 10. Turatumiye kandi abakristu bose gusonera, kwubaha igitabu ca Bibliya Nyeranda kuko kirimwo Ijambo ry’ubuzima. Naho Ibitabu biri muri Bibliya vyanditswe n’abantu bakoresheje ururimi n’imico vyabo, ico gikorwa cari kiringowe na Mutima Mweranda.
 11. Turatumiye abakristu bose gushigikira mu gisabisho no mu ntererano ibiro bijejwe ubutumwa bwa Bibliya ku rwego rw’igihugu hamwe n’ibiro bijejwe ubwo butumwa ku rwego rw’amadiyoseze.
 12. Mu kurangiza twagomba tubasabe mwigenze nk’abakristu ba mbere b’i Tesalonika aho Paulo Mweranda atubwira yongera akengurukira Imana yuko abo bakristu batakiriyeye Ijambo ry’Imana bumvise nk’ijambo ry’abantu, ariko baryakiriye nk’uko riri nyene nk’Ijambo ry’Imana, ryama riha ubukomezi abemera bose (**1Tes 2,13**). Namwe turabasavye mwimike Ijambo ry’Imana mu mutima yanyu, muryakire, murizigame, murihe icubahiro, murininahaze kuko ari ijambo ry’ubuzima.
 13. Twigane kandi Bikira Mariya we yemeye kwakira Jambo w’Imana akamwibungenga akamuvyara ngo akize isi. Natwe twakire Ijambo ry’Imana, turizirikane mu mitima yacu hanyuma turishikirize abandi babone gushikira urukiza.
 14. Ibintu vyose vyaremwe, isi n’ijuru, bizohera, ariko amajambo y’Umukama wacu Yezu Kristu, azokwamaho imyaka yose (**Mat 24, 35**). “ Mukama, turi bwirukire nde wundi ko ari wewe ufise amajambo y’ubuzima budahera” (**Yoh 6,68**)
 15. Uwu musu mukuru w’Ijambo ry’Imana udufashe gukomera no gukura mu kwemera no mu rukundo kandi twame twibuka iri jambo riri mu gitabu c’amategeko ngo: “Nkako, iryo jambo riri hafi yawe, rikaba mu kanwa kawe no mu mutima wawe, kugira ngo urikurikize” (**Teg 30,14**)

Bigiriwe i Gitega
Ku wa 14 Nzero 2020

+ Simoni NTAMWANA
Umwungere mukuru wa
Diyoseze nkuru ya Gitega.